

Pou jwenn plis enfòmasyon
ale sou otda.ny.gov epi klike sou
Resources for Working Families

Yon èd pou moun ki nan bezwen



Tcheke kalifikasyon w pou
yon laj varyete kalite sipò
ekonomik ak travay nan

myBenefits.ny.gov



Office of Temporary
and Disability Assistance

otda.ny.gov

Pub-4916 HA (Rev 07/15)



Gen sipò ekonomik ak
pwofesyonèl pou ranfòse fwaye
w ak pou satisfè bezwen w.

Pwogram Nitrisyon

Avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP) ede moun ki kalifye ak fanmi kap travay achte manje. Kalifikasyon ak nivo avantaj baze sou kantite moun ki nan kay la, salè, sèten depans ak lòt faktè. Tout moun ki kalifye pou SNAP ka resevwa edikasyon sou nitrisyon gratis atravè Eat Smart New York pou aprann kijan pou manje sa ki pi bon epi achte yon mannyè pi entelijan. Pou wè si w ka kalifye epi pou w aplike, ale sou myBenefits.ny.gov. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **800-342-3009**. Si w gen yon ijans manje, kontakte depatman sèvis sosyal lokal ou a pou jwenn yon bank manje nan zòn ou.

Pwogram Peti Dejene ak Dine nan Lekòl ap bay manje byen balanse sou plan nitrisyon pou tout timoun lekòl Eta New York ki nan pre-k jiska 12yèm ane. Pou waplike pou manje gratis oswa bon mache, fanmi yo ka jwenn yon Aplikasyon pou Revni Fanmi nan lekòl yo epi remèt li bay lekòl la pou yo trete l. Si kounye a w ap resevwa avantaj SNAP, pitit ou yo kalifye pou resevwa manje lekòl gratis nan kad Pwogram Nasyonal repa nan Lekòl ak/oswa pwogram Peti Dejene nan Lekòl la. Si lekòl la pa fè w konnen si piti ou yo kalifye pou resevwa manje gratis, kontakte administratè lekòl la.

Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC) se yon pwogram manje sipleman ki plase anba jesyon Depatman Sante Eta New York kap bay edikasyon sou nitrisyon, fè pwomosyon ak apiye lèt manman, bay manje nitritif, tankou lèt, gren antye, fwi ak legim, pou fanm ansent ki pa gen gwo salè, fanm ki fenk akouche oswa kap bay tete, epi tibebe ak timoun jiska laj 5 lane. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele liy èd Growing Up Healthy a nan **800-522-5006**, oswa ale sou health.ny.gov/wic.

Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay

Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (HEAP) ede Nouyòkè ki pa gen gwo salè peye frè chofaj kay yo. Lajan pou peye HEAP varye depandan salè ki rantre nan kay la ak kalite chofaj ki itilize. Ou ka kalifye pou yon avantaj HEAP regilye menmsi ou gen lajan labank oswa lòt resous finansye. Pou wè si w kalifye ak pou aplike, ale sou myBenefits.ny.gov oswa depatman sèvis sosyal konte w la. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **800-342-3009**, oswa vizite otda.ny.gov/programs/heap.

Kredi Enpo

Kredi Enpo sou Salè onivo Federal ak Eta (EITC) se kredi enpo pou moun kap travay pou salè ki ba oswa mwayen. Menm lè yo pa gen pou peye taks, kontribiyab yo ka kalifye pou resevwa yon EITC Federal ak Eta konbine jiska \$8.115 si salè yo pi piti pase \$53.267 (sou baz nivo salè ane 2015). Rezidan Vil New York ka kalifye pou yon kredi minisipal anplis. **The New York State Noncustodial Parent EITC** bay yon kredi enpo ki ranbousab pou paran ki pa gen timoun yo nan men yo epi pa dwe pansyon alimantè yo pou ane fiskal la.

Kredi Enpo Feral pou Timoun ak Kredi Enpo Adisyonèl pou Timoun se kredi enpo Gouvènman Federal la ofri kontribiyab kap leve timoun depandan ki poko gen 17 lane. **Kredi Enpo pou Timoun Empire State** se yon kredi pou rezidan New York pou tout yon lane, menm si yo pa dwe ankenn taks, ki gen timoun ki gen ant 4 ak 16 lane.

Kredi Federal pou Swen Timoun ak Moun Depandan se yon kredi enpo gouvènman federal la ofri. **Kredi pou Swen Timoun ak Moun Depandan Eta New York** ede plis fanmi ki pa gen gwo salè pase, kontrèman ak kredi federal la, yo ka resevwa kredi menm si yo pa dwe ankenn taks. Rezidan Vil New York ka kalifye pou yon kredi minisipal ranbousab anplis.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Internal Revenue Service nan **800-829-1040**, oswa ale sou irs.gov; oswa rele New York State Department of Taxation and Finance nan **518-457-5181**, oswa ale sou tax.ny.gov oswa ale sou myBenefits.ny.gov.

Pwogram Asirans Sante a Bon Mache

NY State of Health, Plan Sante Ofisyèl Marketplace, se kote Nouyòkè yo ka achte, konpare epi enskri pou kouvèti asirans sante. Se sèl kote pou jwenn asistans finansye pou redwi pri kouvèti asirans. Ou ka enskri tou nan Medicaid oswa Child Health Plus atravè Marketplace.

Asirans Sante ke yo ofri nan Marketplace la gen ladan yon seri benefis konplè.

Espeyalis yo disponib pou ede w nan pwosesis enskripsyon an, ede w jwenn pi bon asirans sante baze sou bezwen inik epi travay avèk ou pou detèmine si ou ka jwenn asistans pou redwi depans pou kouvèti asirans lan. Sipò disponib sou entènèt, an pèsòn nan kominote w e nan telefòn – ou chwazi sa ki pi bon pou ou. Wap jwenn èd disponib nan plizyè lang.

Pou aprann plis, vizite nystateofhealth.ny.gov oswa rele **855-355-5777**.

Sèvis Plasman nan Travay

New York State Career Centers founi sèvis atravè yon rezo sant lokal ak sit afilye. Pou jwenn adrès ki pi pre w la, ale sou labor.ny.gov/career-center-locator/.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon djòb ak devlopman pwofesyonèl sou paj dakèy sit entènèt Depatman Travay Eta New York la labor.ny.gov.

Nan Eta New York, *Pwogram Fòmasyon ak Travay* ki nan *Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP)* la prepare moun pou travay epi bay sèvis soutyen pou moun ki resevwa SNAP pou ede yo akèri konpetans ki nesesè pou yo ka okipe tèt yo. Tout depatman lokal yo ak sèvis sosyal ofri èd pou chèche travay. Lòt sèvis ka disponib enkli: fòmasyon nan travay la, fòmasyon pwofesyonèl, fòmasyon konpetans nan travay, ak preparasyon ak edikasyon travay. Gen sèvis travay tou pou tout moun kap resevwa asistans piblik. Pou jwenn plis enfòmasyon kontakte depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou.

Asistans pou lojman

Si w pa gen kay pou rete epi w bezwen asistans, tanpri kontakte depatman sèvis sosyal lokal ou a.

Kontakte ajans lojman piblik la nan vil ouwa konte ou pou jwenn enstriksyon lokal sou zafè lojman bon mache. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou hud.gov. Pou jwenn lojman pèmanan disponib rele **877-428-8844**, oswa vizite nyhousingsearch.gov.

Vyolans nan Kay

Vyolans nan kay afekte tout kominote a. Si oumenm oswa yon moun ou konnen ap sibi abi epi ta renmen gen plis enfòmasyon sou sa ki ka fèt pou sekirite w, pa fanmi w oswa vwazen w, rele **800-942-6906**, oswa vizite opdv.ny.gov.

Asirans pou Andikap Sekirite Sosyal ak Revni Sekirite Sipleman

Pwogram Asirans Dezabilite Sekirite Sosyal [Social Security Disability Insurance (SSDI)] ak Sipleman Revni Sekirite [Supplemental Security Income (SSI)] jere pa Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini, e se sèlman moun ki gen andikap e ki reponn a kritè medikal ki kapab kalifye pou benefis anba pwogram sa yo. Pou aplike pou resevwa avantaj SSDI, rele **800-772-1213**, oswa vizite socialsecurity.gov.

Egzekisyon Pansyon Alimantè

Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun ede ranfòse fanmi atravè responsablite pou èd ekonomik pou timoun li mete sou paran sa yo ak resous finansye pou bay pou pansyon alimantè sa. Pwogram lan ede paran pwouve patènite, epi jwenn, chanje ak egzekite obligasyon finansye ak medikal. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **888-208-4485**, oswa ale sou childsupport.ny.gov.

Swen Timoun

Eta New York ofri sibvansyon swen timoun pou fanmi kap travay pou ti kras kòb ak fanmi kap resevwa Asistans Tanporè pou bay timoun bon kalite swen san danje, fasil pou jwenn epi bon mache. W ap jwenn sibvansyon pou swen timoun nan distri sèvis sosyal lokal: pou pèmèt yon paran oswa yon moun kap bay swen ale travay oswa angaje nan lòt aktivite pwofesyonèl; pou pèmèt yon paran adolesan ale nan high school oswa yon fòmasyon ekivalan; pou pèmèt yon paran oswa moun kap bay swen patisipe nan pwogram edikasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sibvansyon pou swen timoun la, kontakte distri sèvis sosyal zòn ou a oswa ale sou ocfs.ny.gov epi klike sou “*Child Care*.”

Asistans pou Refije ak Imigran

OTDA bay sèvis ak asistans pou sèten popilasyon imigran, enkli refijye, azile, ak viktim trafik imen. Ajans lan bay egalman sèvis rapatriman pou sitwayen Ameriken yo. Pou jwenn yon lis kote ki bay sèvis pou refije ale sou otda.ny.gov/programs/bria.

Avantaj pou Veteran

Si ou te janm travay nan sèvis aktif nan Fòs Lame Etazini ou ka gen dwa a benefis Eta oswa Federal. Ou ka kalifye pou resevwa avantaj lajan sou fòm konpansasyon ki konekte ak sèvis ou ak/oswa resevwa pansyon pou andikap ki konekte ak enkapasite pou travay atravè Afè Depatman Veteran Etazini. Anplis, ou ka gen dwa pou resevwa avantaj sante, avantaj edikasyon, asistans chomaj, sèvis pou konsomasyon dwòg ak sante mantal, ak avantaj antèman. Si ou konnen yon moun ki tap travay ki te ka gen dwa a benefis tanpri fè yo kontakte Divizyon Afè Veteran NYS. Pou jwenn asistans, tanpri rele Divizyon Zafè Veteran NYS pou pale ak Konseye pou Veteran ki pi pre w la, **888-838-7697**, oswa ale sou veterans.ny.gov.

